



Pou Piblikasyon Imedya: 04/05/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON ENVESTISMAN 78 MILYON DOLA NAN KAT
PWOJÈ AMELYORASYON ENFRASTRIKTI SOU THRUWAY ETA NOUYÒK LA NAN
REJYON KAPITAL LA AK SANT NOUYÒK**

***Pwojè yo gen ladan amelyorasyon sifas wout nan seksyon I-90 ak I-87 pou
amelyore sekirite ak fyabilite***

***Pwojè yo fè pati plis pase 600 milyon dola nan pwojè kapital Thruway yo ki
pwograme pou jwenn sibvansyon an 2026***

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a yon investisman total 78 milyon dola nan kat pwojè amelyorasyon enfrastrikti sou Thruway la ki deja ap fèt nan Rejyon Kapital la, Sant Nouyòk ak rejyon Finger Lakes la. Pwojè yo gen ladan reparasyon sou sifas wout yo ak amelyorasyon sekirite nan plizyè seksyon okipe nan I-90 ak I-87, ke plizyè milye otomobilis itilize chak jou.

"Sistèm Thruway la se yon pòtay enpòtan pou vwayajè, pou touris, ak pou trafik komèsyal k ap sikile atravè Eta Nouyòk ak pi lwen," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Fè amelyorasyon ki esansyèl sou wout ak pon nou yo modènize sistèm transpò nou an, amelyore vwayaj pou otomobilis yo epi kenbe ekonomi Nouyòk la ap pwospere."

Direktè Egzekitif Otorite Thruway la (Thruway Authority), Frank G. Hoare, te deklare, "Otorite Thruway la ap fè investisman istorik nan pwojè enfrastrikti ki pral amelyore sekirite ak fyabilite pou plizyè milyon otomobilis ki itilize Thruway la chak jou. Otomobilis ki sou Thruway la peye pami pi ba peyaj nan peyi a, epi revni peyaj sa yo ale dirèkteman nan pwojè ki kenbe Thruway la kòm youn nan otowout ki pi an sekirite, abòdab, ak fyab nan peyi a."

Senatè Eta Patricia Fahy te deklare, "Move wout, twou nan wout yo, ak reparasyon ki gen rapò ak wout sou machin ou ka koute fanmi k ap travay yo plizyè santèn, si se pa plizyè milye dola, lajan anpil ladan yo pa genyen pandan y ap fè fas ak pi gwo kriz aksesibilite depi 2008. Amelyorasyon enfrastrikti tankou sa yo fè fanmi yo ak otomobilis yo ekonomize lajan pandan yo asire wout nou yo an sekirite pou tout moun itilize. Mèsi a travayè sou Thruway la ki pral sou wout nou yo chak jou pou fè amelyorasyon sa yo vin reyalye."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Envesti nan pwojè reyabilitasyon sifas wout yo asire Thruway Eta Nouyòk la rete an sekirite pou tout itilizatè yo. Wout ak enfrastrikti ki byen antreteni epi ranfòse ede ankouraje komès ak vwayaj nan tout eta a. Mwen felisite Gouvènè Kathy Hochul pou investisman sa yo, ki pral amelyore eksperyans vwayaj an jeneral pou plizyè milyon otomobilis."

Manm Asanble John T. McDonald III, RPh, te deklare, "Investisman nan enfrastrikti nou se yon efò k ap kontinye, e mwen kontan wè investisman yo ap kontinye nan Rejyon Kapital la. Lejislati a fè patenarya ak Gouvènè Hochul pou ogmante finansman pou amelyore kondisyon ak sekirite gwo wout transpò nou yo atravè eta nou an pandan sosyete nou an vin de pli zan pli mobil. Mwen pa ka tann pou m travay ak Gouvènè a pou pote plis finansman nan bidjè eta a ki pral byento apwouve, epi mwen raple tout moun pandan y ap vwayaje, sitou nan zòn konstriksyon yo, pou yo ralanti epi fè atansyon ak travayè konstriksyon ki ap travay di pou amelyore wout nou yo."

Pwojè Rejyon Kapital la

De pwojè k ap fèt kounye a nan Rejyon Kapital la, ki kouvri 124 km (77 mil) liy sou Thruway la, reprezante yon investisman 34.7 milyon dola nan rejyon sa a. Otorite Thruway la te envesti 162 milyon dola nan pwojè kapital nan Rejyon Kapital la depi 2024.

I-90 nan Konte Albany

Yon pwojè amelyorasyon sifas wout ki vo 15.8 milyon dola sou I-90 ant bòn kilometrik 148.2 ak bòn kilometrik 154.3 nan Konte Albany deja ap fèt. Pwojè a gen ladan refè sifas wout pou yon total 59 km (36.6 mil) liy sou I-90, ki sitiye ant sòti 24 (Albany - Montreal - I-90 East - I-87 North) ak yon ti kras nan lwès sòti 25 (Schenectady - I-890 - NY Route 7 ak 146). Apeprè 125,000 machin sikile sou seksyon sa a nan I-90 nan toude direksyon chak jou, epi li se youn nan koridò depasman ki pi okipe pou antre ak soti Albany.

Pwojè a gen ladan reparasyon an pwofondè ki konplè ak pasyèl, kote ekipaj yo pral retire epi ranplase pòsyon ki pi deteryore yo sou twonson wout la, jiska kouch fondasyon li a. Reparasyon yo pral amelyore entegrite estriktirèl wout ki egziste deja a.

Lòt travay yo gen ladan ranplasman estrikti pano siyalizasyon ki anlè yo, pwosesis pou retire ak mete kouch asfalt nan zòn sèvis gaz Guilderland lan, enstalasyon nouvo baryè sekirite sou bò wout la, nouvo liy reflektif sou wout la, enstalasyon makaj sonò sou wout la (milled-in audible roadway delineators, MIARD), ke yo rele tou bann sonò, sou akotman wout la, ansanm ak amelyorasyon drenaj yo.

Callanan Industries, Inc. of Albany, NY se kontraktè pwojè a apre yon pwosesis òf konpetitif. Yo prevwa pwojè konplè a ta dwe fini nan otòn 2026.

I-87 nan Konte Ulster

Yon pwojè amelyorasyon sifas wout ki vo 18.9 milyon dola sou I-87 ant bòn kilometrik 76.5 ak bòn kilometrik 86.6 nan Konte Ulster deja ap fèt. Pwojè a gen ladan refè sifas

wout pou yon total 65 km (40.4 mil) liy sou I-87, ki sitiye ant sòti 18 (New Paltz - Poughkeepsie - NY Route 299) ak sòti 19 (Kingston - NY Route 28 – pon Kingston-Rhinecliff la). Gen apeprè 42,000 otomobilis ki vwayaje sou seksyon I-87 nan tou de direksyon yo chak jou.

Pwojè a gen ladan reparasyon sou sifas wout yo an pwofondè ki konplè ak pasyèl, retire ak mete kouch asfalt, ranplasman jwenti pon yo nan bòn kilometrik 84.14 ak bòn kilometrik 84.54, ranplasman siy echanj sòti 18 la, enstalasyon nouvo baryè sekirite sou bò wout la, nouvo liy reflektif sou wout la, enstalasyon makaj sonò sou wout la sou akotman wout la, ansanm ak travay sou kouvèti drenaj yo.

Callanan Industries, Inc. of Albany, NY se kontraktè pwojè a apre yon pwosesis òf konpetitif. Yo prevwa pwojè konplè a ta dwe fini nan otòn 2026.

Pwojè nan Sant Nouyòk ak Finger Lakes

De pwojè k ap fèt kounye a nan rejyon Sant Nouyòk ak Finger Lakes yo, ki kouvri plis pase 171 kilomèt (106 mil) liy sou Thruway la, reprezante yon investisman 43.2 milyon dola nan rejyon sa yo. Depi 2024, Otorite Thruway la te investi 207 milyon dola nan pwojè kapital nan Sant Nouyòk ak Finger Lakes.

I-90 nan Konte Madison

Yon pwojè amelyorasyon sifas wout ki vo 13.3 milyon dola sou I-90 ant bòn kilometrik 261.7 ak bòn kilometrik 268.0 te kòmanse sezon prentan sa a. Seksyon an sitiye ant sòti 34 (Canastota - Oneida - Chittenango - NY Route 13) ak sòti 34A (Syracuse - Chittenango - Oswego - I-481) epi li gen ladan yon total 45 km (28 mil) liy. Gen plis pase 39,000 otomobilis ki vwayaje sou seksyon I-90 sa a chak jou.

Pwojè a gen ladan reparasyon nan pwofondè konplè ak pasyèl ansanm ak pwosesis pou retire ak mete kouch asfalt, ki gen ladan zòn sèvis gaz Chittenango a. Reparasyon sifas wout an pwofondè ki konplè gen ladan retire epi ranplase pati wout la ki pi domaje yo, rive jis nan kouch fondasyon ki anba li a. Apeprè 80 pousan sou-baz an beton Thruway la a soti nan ane 1950 yo epi yo orijinal pou sistèm Thruway la. Reparasyon yo pral amelyore entegrite estriktirèl wout ki egziste deja a ak amelyore dirabilite alontèm nan.

Anplis de sa, yo pral fè amelyorasyon nan espas wotè a nan pasaj siperyè ki sitiye nan bòn kilometrik 263.03, 265.99 ak 267.89. Yo pral retire kouch asfalt ki egziste sou chose I-90 la anba pasaj siperyè yo epi ranplase ak yon kouch ki pi mens, ki pral bay plis degajman vètikal anba pon echanjè a.

Amelyorasyon sekirite yo gen ladan nouvo baryè sekirite sou bò wout la, nouvo liy reflektif sou wout la, enstalasyon makaj sonò sou wout la sou akotman wout la, travay sou kouvèti drenaj yo, ansanm ak amelyorasyon drenaj yo.

Heidelberg Materials Northeast, NY LLC, Jamesville, NY se kontraktè pwojè a apre yon pwosesis apèl d'òf konpetitif. Yo prevwa pwojè konplè a ta dwe fini nan otòn 2026.

I-90 nan Konte Ontario

Yon pwojè amelyorasyon sifas wout ki vo 29.9 milyon dola sou I-90 ant bòn kilometrik 327.5 ak bòn kilometrik 347.1 nan Konte Ontario te kòmanse sezon prentan sa a. Seksyon an sitiye ant sòti 42 (Geneva - Lyons - NY Route 14) ak sòti 44 (Canandaigua - Victor - NY Route 332) epi gen ladan yon distans 126 km (78.4 mil) liy total. Gen plis pase 87,000 otomobilis ki vwayaje sou seksyon I-90 sa a chak jou.

Pwojè a gen ladan reparasyon asfalt, retire asfalt ak refè sifas wout, ansanm ak amelyorasyon sekirite tankou nouvo baryè sekirite sou bò wout la, nouvo liy reflektif sou wout la, ak enstalasyon makaj sonò sou wout la sou akotman wout la.

Rifenburg Construction, Inc. of Troy, NY se kontraktè pwojè a apre yon pwosesis òf konpetitif. Yo prevwa pwojè a fini nan sezon ete 2027.

Chofè yo ka rankontre fèmte liy sou Thruway la nan zòn sa yo pandan konstriksyon yo.

Tout travay la depann de si ap fè bontan epi kapab gen chanjman. Chofè veyikil amotè yo ta dwe rete veyatif epi respekte limit vitès ki afiche nan zòn travo yo. Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay. Chofè yo ta dwe okouran de yon ogmantasyon nan [pwèn](#) pou vyolasyon vitès nan yon zòn konstriksyon.

Pou plis amelyore sekirite travayè yo nan yon zòn travay, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon ki etabli pwogram pilòt Otomatik pou Kontwòl Vitès Zòn Travay la (Automated Work Zone Speed Enforcement pilot program). Pwogram ranfòsman sekirite a anvigè nan plizyè zòn konstriksyon aktif sou Thruway la. Zòn travay avèk ranfòsman sou kamera vitès yo pral gen siyal klè ki mennen nan zòn travay la. Yo pral peye bay amann pou otomobilis ki vyole limit vitès ki afiche nan zòn travay la. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan [isit la](#).

[Bidjè 2026](#) Otorite Thruway la ki apwouve a envesti tou yon total plis pase 600 milyon nan kontra kapital ki pwograme pou akòde an 2026, yon ogmantasyon plis pase 133.5 milyon dola parapò ak total prevwa nan bidjè 2025 la, epi youn nan pi gwo envestisman pou yon sèl ane nan listwa Thruway la. Bidjè 2026 la gen ladan l yon Plan Kapital istorik 2.8 milya dola pou 2026-30. Plan senk ane a pral finanse ranplasman oswa prezèvasyon 150 nan 819 pon Thruway la—anviwon 18 pousan—epi refè sifas plis pase 2,414 km (1,500 mil) nan 4,506 km (2,800 mil) liy otowout li yo, oswa apeprè 60 pousan.

Konsènan Sistèm Thruway la

Thruway Gouvènè Thomas E. Dewey la ki te konstui nan kòmansman ane 1950 yo, se youn nan Sistèm Otowout Ant Eta Nasyonal epi youn nan wout peyaj ki pi long nan peyi a. Li tabli règ pou konsepsyon jeometrik otowout modèn ak karakteristik sekirite wout ki genyen ladan yo koub fasil, medyan ki laj ak distans pou chofè a wè ki degaje.

Ane apre ane, sistèm Thruway la rekonèt kòm youn nan otowout ki pi an sekirite nan peyi a. An 2024, pousantaj ka lanmò sou tout Thruway la te 0.22 lanmò sou chak 160 milyon kilomèt (100 million miles) veyikil ki vwayaje, youn nan pousantaj yo anrejistre ki pi ba sou sistèm Thruway la depi pousantaj lanmò yo te dokimante an 1954. Chif la pi ba anpil pase pousantaj ka lanmò sikilasyon nan tout peyi a pou 2024 de 1.20 ak pousantaj ka lanmò sikilasyon Eta Nouyòk an 2023 ki se 0.93.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)